



NJ Summer EBT a ap vini nan sezon ete 2024 la

Summer EBT se yon nouvo pwogram nitrisyon timoun New Jersey ki gen entansyon diminye grangou ak ensekirite alimantè pou timoun pandan sezon ete a lè lekòl la p ap fonksyone. Pandan sezon ete sa a, New Jersey pral voye yon kat EBT bay chak timoun ki kalifye pou yo ka achte manje nan magazen detayan k ap patisipe yo.

Kijan Summer EBT fonksyone?

Fanmi yo pral resevwa \$120 pou chak timoun ki kalifye pou sezon ete a. Yo ka itilize avantaj yo nan magazen detayan ki otorize yo, tankou magazen pwodui alimantè ak mache fèmye yo, pou yo achte manje ki bon pou sante tankou fwi, legim, vyann ak lòt sous pwoteyin, grenn antye, ak pwodui letye.

Èske pitit mwen an kalifye pou Summer EBT?

Si pitit ou a sètifye kòm kalifye pou manje federal gratis oswa manje federal nan pri redui epi li ale nan yon lekòl ki patisipe nan Pwogram Nasyonal Manje Midi oswa Manje Maten nan Lekòl la, l ap otomatikman enskri nan Summer EBT.

Nan New Jersey, pitit ou a kalifye pou l resevwa yon kat Summer EBT si lekòl pitit ou a patisipe nan Pwogram Nasyonal Manje Midi nan Lekòl la AK:

- Pitit ou a resevwa manje gratis nan lekòl la EPI revni kay ou a nan 185% oswa li pi ba a nivo povrete federal 2023-2024 la; oswa
- Kay ou a patisipe nan SNAP oswa TANF; oswa
- Pitit ou a ap viv experyans sanzabri, li se yon imigran, oswa li nan yon fanmi akèy; oswa
- Pitit ou a patisipe nan yon pwogram Head Start distri lekòl la administre.

Si lekòl pitit ou a pa patisipe nan Pwogram Nasyonal Manje Midi nan Lekòl la, li ka toujou kalifye pou Summer EBT si kay ou a patisipe nan SNAP oswa TANF oswa si pitit ou a nan yon fanmi akèy.

PWOSESIS KALIFIKASYON POU TIMOUN KI ENSKRI NAN LEKÒL K AP PATISPE NAN NSLP OSWA NAN SBP YO


Piblik ki vize: Ajans Edikasyon Lokal yo (Local Educational Agencies, LEAs)



Sèvis Manje ak Nitrisyon
DEPATMAN AGRIKILTI ET AZINI



Depatman Agrikilti New Jersey
Divizyon Manje ak Nitrisyon



Tanpri fè suivi avèk distri lekòl ou a si w pa sèten si lekòl pitit ou a patisipe nan Pwogram Nasyonal Manje Mid Lekòl la.

Kijan pou mwen enskri pitit mwen an nan Summer EBT?

Si pitit ou a resevwa manje lekòl gratis:

Si distri lekòl ou a deja sètifye pitit ou a kòm kalifye pou li resevwa manje gratis nan lekòl la EPI revni kay ou a pi ba a pase 185% nivo povrete federal 2023-2024 la; nan ka sa a pitit ou a kalifye otomatikman pou li resevwa avantaj Summer EBT a, epi pa genyen okenn lòt mezi ki nesèsè.

Si pitit ou a pa resevwa manje gratis nan lekòl la:

Si pitit ou a pa deja sètifye dirèkteman oswa li pa kategorikman kalifye, epi ou pa te ranpli epi retounen yon aplikasyon pou manje gratis nan lekòl bay lekòl pitit ou a, nan ka sa a, nou ankouraje w pou ou soumèt yon Aplikasyon pou Manje nan Lekòl pou ou konnen si w kalifye pou avantaj Summer EBT a anvan kòmansman sezon ete a. Y ap toujou aksepte aplikasyon pandan sezon ete a. Pou ou aplike pou avantaj Summer EBT yo, kontakte lekòl pitit ou a. Aplikasyon yo disponib sou entènèt sou sit entènèt distri lekòl pitit ou a, oswa ou ka jwenn aplikasyon sou papyè nan lekòl pitit ou a.

Si pitit ou a ale nan yon lekòl ki bay manje gratis pou chak elèv nan lekòl la:

Si pitit ou a ale nan yon lekòl Community Eligibility Provision (CEP), epi li pa sètifye dirèkteman oswa li pa kalifye kategorikman, epi ou pa te konplete epi retounen yon Sondaj sou Enfòmasyon sou Kay New Jersey pou ane eskolè 2023-2024 la nan lekòl pitit ou a nan kòmansman ane lekòl la, nan ka sa a, nou ankouraje w pou ou soumèt yon Sondaj sou Enfòmasyon sou Kay Depatman Edikasyon New Jersey pou avantaj federal Summer EBT a anvan kòmansman sezon ete a. Sondaj sou Enfòmasyon sou Kay Depatman Edikasyon New Jersey a disponib sou entènèt sou sit entènèt distri lekòl pitit ou a, oswa ou ka jwenn aplikasyon sou papye nan lekòl pitit ou a.

Tanpri fè suivi avèk distri lekòl pitit ou a si w pa sèten konsènan estati kalifikasyon pitit ou a pou manje nan lekòl la.

Kijan mwen pral resevwa avantaj yo?

Y ap bay chak timoun ki kalifye yon montan \$120 avantaj pandan sezon ete yon sèl fwa.

Kiyès pou mwen kontakte si mwen gen kesyon sou kat mwen an?

Si w gen difikilte pou ou aktive kat ou a, pou ou wè balans ou, pou ou chanje PIN ou, oswa ou bezwen rapòte yon kat ki pèdi oswa yo vòlè epi pou ou mande yon lòt kat, ou ka kontakte Sèvis Kliyan Kat EBT nan nimewo 1-833-997-3333 oswa sou entènèt sou NJFamiliesFirst.com.

Si mwen gen kesyon sou kalifikasyon oswa aplikasyon pou manje lekòl mwen an, ki yès pou mwen kontakte?

Si w gen kesyon konsènan estati pou kalifikasyon pitit ou a, adrès kote yo te voye kat ou a pa lapòs, oswa dat nesans ki endike pou pitit ou a, tanpri kontakte lekòl pitit ou a.